Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа №7 с.п. Пседах»

| « РАССМОТРЕНО» | «СОГЛАСОВАНО» | «УТВЕРЖДЕНО» |
| --- | --- | --- |
| на заседании методического объединения | Зам.директора по УВР | Директор ГБОУ «СОШ№7 с.п.Пседах» |
| Чентиева Р.У. | Цечоева Ж.С | Коттоева А.Б. |
| Протокол №1 от «25» августа 2023г. | Протокол №1 от «31» августа 2023г. | Приказ №1 от «01» сентября 2023г. |

# *Рабочая программа по предмету*

# *«Чеченский язык 5 класс»*

## *Всего: 68 часов*

## *(2ч. в неделю)*

*на 2023-2024 учебный год.*

*Составитель: Учитель чеченского языка и литературы*

*Энгиноева К.Н,*

# ДОВЗИЙТАРАН КЕХАТ

Дешаран декхар кхочушдарехь ненан матто ден г1уллакх ч1ог1а мехала ду. Ненан маттахь ечу ойлано 1амочух кхета г1о до берашна. Ненан мотт хааро дешархошна г1о до гонахарчу дуьнене болу кхетам а, цунах лаьцна долу хаарш шордан а, боккхачу кхиамца оьрсийн а, кхин долу меттанаш а, дешаран предметаш а 1аморехь ненан маттехь г1ортор каро а.

Хьехархо декхарийлахь ву нохчийн меттан хазалла, цуьнан марзо дешархошна йовзийта а, берашкахь ненан матте безам кхио а, халкъийн доттаг1аллин ойланехь дешархой кхетош-кхиор. Школехь ненан мотт хьехар меттан 1илманан буха т1ехь д1ахьош хила деза.

## Дешаран предмет Іаморан жамІаш

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъяьккхинчу дешархочуьнгахь нохчийн маттехула хила деза хаарш:
- нохчийн мотт уьйран а, юкъаметиггалин гІирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар; нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гІуллакхдарехь а, ша вовзийтарехь а, юкъараллехь ша дІалоцу йолу меттиг билгалъярехь а оьшуш хиларх кхеташ хилар;
- вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а юкъаметтигаш дІакхехьарехь нохчийн маттах-пайда эца кийча хилар; къаьмнийн культурийн юкъаметтигаш дІакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;
- шен къоман а, РФ-цехь дехачу къаьмнийн а, дуьненаюкъара культура а йовзарехь нохчийн мотт мехала гІирс хиларх кхеташ хилар.

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъяьккхинчу дешархочо нохчийн маттехула карадерзо деза **метапредметни жамІаш**:

- барта а, йозанан а хаамех цхьатера кхеташ хилар (Іалашонех, теманех, коьртачу а, тІебузучу а хаамех);
-тайп-тайпанчу хотІийн (стилан), жанрийн teксташ массо кепара ешар карадерзор;
- билгалбинчу барамехь яццйина (план, юхасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгІна я дІаешна текст юха схьайийца хаар;
- тайп-тайпана юкъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь а, дийцаре даршкахь, дискуссешкахь дакъа лаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар;
-шенна хаарш лаха а, карадерзо а хаар; тайп-тайпанчу хаамийн хьостанашца, ШГГІ а, Интернетан гІирсашца а цхьаьна, болх бан а, справочни литературех а пайда эца хаар;
- билгалйинчу темина коьчал схьахаржа а, иза цхьана къепе ерзо а хаар; таллам бан а, цхьаъ вукхуьнца юста а, схьагайта а, жамІаш дан а, юкъара маьІна даккха а, шена хетарг тІечІагІдеш, делил дало а хаар.
- оьрсийн мотт Іаморехь нохчийн маттах пайда эца хаар;
- ша дечу къамелан терго яран хаарш карадерзор;
- меттан башхаллех пайда эца хаар (нохчийн меттан, оьрсийн меттан, кхечу пачхьалкхийн меттанийн, литературин урокашкахь).

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъяьккхинчу дешархочо нохчийн маттехула карадерзо деза **предметни жамІаш:**

-базови кхетамаш караберзор: мотт а, къамел а, барта а, йозанан а къамел, диалог, монолог, къамел даран хьелаш, литературни меттан норманаш, текст, меттан система: